

## **TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XI**

**18 Juli 2021**

**GKJ Ambarrukma Gedung Induk**

**(Warni Liturgi Ijem)**

### **1. Pacawisan: Imam Pandonga ing Konsistori**

### **2. Liturgos :**

Bapak, Ibu, lan para sedherek patunggilan wonten ing Gusti Yesus Kristus, pradata ngaturaken sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah live streaming minangka sarana kagem Bapak Ibu atur pangabekti wonten ing Gusti awit wontenipun anjuran pemerintah ngengingi PPKM. Mugi boten ndadosaken manah ingkang semplah, malah mugi ndadosaken kita sadaya saya kiyat ngadhepi pacobaning gesang.

Kepareng kula maosaken saperangan pawartos Minggu 18 Juli 2021 (*wolulas juli kalih dasa Juni kalih ewu selikur*) ingkang mekaten suraosipun: **(maosaken pawartos)**

Pasamuwan kinasih, sumangga pangabekti wonten wekdal punika kita purwakani kanthi manah ingkang suka bingah, swawi kita pujekaken **Kidung Pasamuwan Jawi (KPJ). 5 : 1, 2 (gangsal, pada setunggal lan kalih) :**  
**Dhuh Pangeran**

Dhuh Pangèran Ingkang Maha Suci,  
kula sami marek tetunggilan.  
Salir bangsa salumahing bumi  
amemucci asmané Pangèran.

Gusti tresna mring kula sadaya,  
saking kilèn miwah saking wétan,  
sami nunggil klayan Sang Pamarta,  
Yésus Kristus kang dados Panutan.

### **3. Votum tuwin Salam Karaharjan :**

- Pendeta** : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten
- Sadaya** : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pendeta** : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus **wonten** ing bapak, ibu, sadherek lan anak-anak sedaya.
- Pasamuwan** : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya** : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**Amin**      **amin**      **amin**

### **4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Efesus 2: 14-16,**

Waosan sabda introitus kapethik saking Efesus kalih ayat sekawanwelas dumugi nembelas, badhe kula aturaken lumantar sekar macapat Dhandhanggula, ingkang kaanggit dening Bapak Sigit Hartanto.

1. Awit Kristus iya iku Gusti,  
Manungsa pinaringan raharja,  
Ingkang wus tinunggilake,  
Antuk tentrem rahayu,  
Sakarone wus dadi siji,  
Datan wonten singgetan,  
Sesatron wus rampung,  
SedaNya cara manungsa,  
Mbatalke angger-anggering  
Toret neki,  
Lan sakehing pranatan.
2. Gusti Yesus aneng kayu salib,  
Anggenira nglampahi sangsara,  
Ngantos nemahi sedane,  
Amrih sesatron iku,  
Temah ilang ing kayu salib,  
Dosa sampun kabirat,  
Dening Gusti Yesus,  
Manungsa tentrem raharja,  
Angger nyawiji klayan Sang  
Kristus Gusti,  
Tinunggilken slaminya.

**Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti**

**Jemaah : “Puji sokur konjuk Gusti”**

### **5. Liturgos : Pasamuwan** kinasih, minangka titahipun Gusti, badhe tansah manggihi katentreman lan karaharjan, menawi kita tansah nyawiji kaliyan Sang Kristus. Sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti kanthi

**ngrepekaken KPJ. 407 : 1, 2 : (Kidung pasamuwan jawi kawanatus pitu pada setunggal lan kalih) Kula Ningali Nagri Endah**

Kula ningali nagri endah,  
nagrining pepadhang kang mulya.  
Ngriku kula den antos Gusti,  
den cawisi griya kang baka.

Reff : Neng nagri punika,  
kula badhe panggya pinanggyo;  
neng nagri punika,  
kula badhe panggya - pinanggya.

Neng ngrika kula asung puji,  
ngidungken kamulyaning Gusti.  
Wit tan dosa, tan nandhang sisah,  
tan nggresah, tan ngrudatin sami

Reff:

**6. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan : Yohanes 15:9-13**

**7. Imam : Pangakening Dosa**

**Imam** : “Pasamuwan kinasih, kados pundi lebetipun katresnanipun Gusti tumrap titah ingkang sampun kacipta, ngantos ngetohaken nyawanipun supados sakathahing dosa kita saged kaapunten. Pasamuwan kinasih, wonten salebetung gesang, punapa kita sampun saged nyembadani punapa ingkang dados karsanipun Gusti, supados kita saged mujudaken katresnan tumrap sesami? Sumangga kita sami nglenggana bilih kita dereng saged nindakaken sedaya wau. Pramila cawisaken pamratobat kita kanthi ngrepekaken **Kidung Pasamuwan Jawi. 45 : 1, 2 : (kawandasa gansal pada setunggal lan kalih)** Aneng Ngarsane Gusti

Aneng ngarsane Gusti, binuka isining kalbu.  
Sanyata najis uripku, aneng ngarsane Gusti

Anêng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.  
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

**8. Imam** : Sumangga kita sami nelangsani ssdaya kalepatan kita wonten ing Gusti, kita lumebet ing pandonga pamratobat:

Dhuh Gusti, kepareng kawula sowan wonten ngarsa Paduka malih, kanthi awrating momotn gesang, awit kawula dereng saged nyumbadani punapa ingkang dados dhawuh Paduka kanthi sae. Kawula ngrumaosi bilih kawula taksih kumalungkung, mboten andhap asor lan nresnani dhumateng sesami kanthi tulusing manah, langkung-langkung dhumateng Paduka. Pramila

dhuh Gusti mugi paduka paring pangaksama tumrap sadaya dosa kawula. Paduka pulihaken malih kawula satemah saged mujudaken karsa Paduka. Wonten ing Gusti Yesus Kristus, kawula ndedonga. Amin.

## **9. Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : Yohanes 3 : 26**

## **10. Pangatag-atag Gesang Anyar: Matius 6 : 20-21**

## **11. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, sumangga kita sanggemi punapa ingkang sampun dados dhawuhipun Gusti supados kita sami ngempalaken bandha-bandha kasuwargan ingkang mboten kenging renet punapa dene pandung. Kita wujudaken kesanggeman kita lumantar **Kidung Pasamuwan Jawi 194 : 1, 4 (satus sangangdasa sekawan pada setunggal lan sekawan) Kitab Suci Sang Adi****

Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati  
endah saklangkung éndah nugraha saking Allah,  
nugraha saking Allah.

Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati  
ngreksa wiwit cilikku ngedohken siksa-pati,  
ngedohken siksa-pati.

## **12. Pamaosing Sabdanipun Gusti**

**Pendeta : Pandonga Epiklese**

**Pendeta : Maosaken : Markus 6:30-44.**

**Pendeta** : “Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.”

**Psmwn : Mratelaaken Kidung : Haleluya**

**Irah-irahan : Tuk 'ing Katentreman lan Karahayon**

**Ancas** : Jemaat memiliki keyakinan bahwa segala kebutuhan hidup baik material maupun spiritual, sejatinya telah dipenuhi Tuhan Yesus ketika mensyukurinya dengan cara berbagi.

Pasamuwan nggadhahi kapitadosan bilih sedaya kebetahaning gesang sae ingkang asipat kadonyan utawi karohanen, sejatosipun sampun dipun cekapi dening Gusti Yesus nalika kita nelakaken raos sokur kanthi mbagi berkah dhumateng sesami.

### **13. Pisungsung**

**Imam:** "Pasamuwan kinasih, kita sadaya sampun mirengaken wedharing sabda pangandika Gusti, pramila minangka saos sokur kita dhumateng pakaryanipun Gusti, kita sami misungsungaken saperangan gesang kita dhumateng Allah minangka tandha bekti. Pisungsung ingkang kita cawisaken linambaran saking sabdanipun Gusti lumantar **kitab Wulang Bebasan 11 : 24-25 (Wulang bebasan sewelas ayat sekawan likur dumugi selawe)** ingkang mekaten suraosipun

**Ana kang ngawut-awut bandhane, nanging saya sugih, lan ana kang kumet banget, ewosemono tansah kekurangan. Sing sapa kerep andum berkah, bakal nampani kaluberan, sing sapa aweh ngombe, bakal diwenehi ngombe.**

Pisungsung kacawisaken tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, kanthong tiga kagem panyengkuyung dana pengadaan rumah emiritus. Ewodene pisungsung wulanan lan mirungan saged dipun lebetaken salah satunggaling kanthong.

Sumangga kita aturaken pisungsung kita kanthi repening **KPJ. 156 : 1, 2 : (Kidung pasamuwan jawi satus seket nem pada setunggal lan kalih)**  
**Alon Sang Surya Gumiwang**

Alon sang surya gumiwang, candhik ayu memayu.  
Kita antuk pangasoan kanthi tentrem rahayu.

Reff : Tilingna swara manis ing gentha pandonga  
sokur padha aturna. He, gentha, ngumandhanga  
dadya sanguning nendra.

Sang ratri nglimputi bumi abyor cahyeng kartika  
nelahi nyunarken asma Pamarta Gusti kita.

Reff:

### **14. Pdt : Pandonga sokur lan Syafaat**

### **15. Pengaken Pitados Rasuli**

**Liturgos :** Bapak, Ibu, lan sedherek satunggilan ing Gusti, seserengan kaliyan sadaya umat ingkang pitados, sumangga sesarengan kita nelakken **Pangaken Pitados Rasuli.** Pasamuwan kula aturi jumeneng.

*Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.*

*Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.*

*Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.*

*Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.*

*Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.*

*Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama Ingkang Mahakawasa.*

*Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.*

*Kawula pitados dhateng Roh Suci.*

*Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.*

*Punapa-dene pangapuntening dosa;*

*Tanginipun raga;*

*Sarta gesang langgeng.*

## **16. Pendeta : Berkah.**

**17. Liturgos :** “Pradataning pasamuwan ngaturaken Gunging panuwun dhumateng Pdt. .... lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi kabagan lan katentreman, awit sedaya kabetahan kita sampun kacekapaken dening Gusti. Kagem munggel rante penularan Covid-19 sumangga kita patrapaken 5 M wonten ing gesang bendintenan.

Pangibadah katutup kanthi repening **KPJ. 424 : 1, 3 (Kidung Pasamuwan Jawi kawanatus sekawan likur pada setunggal lan tiga)**

Wonten satunggal pangge'nan,  
o, iba e'ndahnya;  
riningga kidung kasukaan,  
o, iba e'ndahnya!  
Ngriku tan wonten panggodha,  
tan wonten susah sungkawa  
kang wonten mung suka rena  
O, iba e'ndahnya

Nadyan kula kebak dosa,  
mbe'njing amba mrika,  
kula tumut suka-reنا،  
mbe'njing amba mrika;  
karna Ye'sus Pamarta,  
kang wus se'da nebus kula  
Kula klilan mlebet,  
mbe'njing amba mrika